

**PIRANTI KOHESI GRAMATIKAL SAJRONE RUBRIK GAMBANG SULING KALAWARTI
JAYA BAYA TAUN 2015**

Jenitasari Santoso

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA dan jenitasantoso@hotmail.com

Pembimbing

Prof. Dr. Udjang Pairin, M.Pd.

Dosen Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA

Abstrak

Panliten iki nduweni sipat kang mligi yaiku nitingi objek panliten arupa wacana dheskriptif basa Jawa saka perangan wujud. Mligine marang sesambungan *gramatikal* wacana wae. Wujud tegese bleger fisik wacana kasebut, panliten iki ora nggepok senggol marang makna kang dikandhut dening wacana sacara utuh. Objek panliten kang dipilih awujud wacana dheskriptif yaiku rubrik gambang suling kalawarti Jaya Baya taun 2015. Rubrik iki manggon ana kaca ngarep saengga dadi punjer kawigaten pamacane. Panliten iki bakal dadi wangsulane saka perkara kepriye panggango lan daya pangaribawane piranti *kohesi gramatikal* tumrap wacana sajrone rubrik gambang suling ing kalawarti Jaya Baya taun 2015. Ancase panliten iki kanggo ngerteni panggango lan daya pangaribawane piranti *kohesi gramatikal* tumrap wacana sajrone rubrik gambang suling ing kalawarti Jaya Baya taun 2015. Analisis dhata adhedhasar teori kohesi kang diandharake dening Halliday lan Hasan.

Metodhe panliten kang digunakake mujudake metodhe agih. Teknik kang digunakake yaiku teknik andum perangan sacara langsung. Teknik lanjutan arupa teknik ganti, teknik lesap, lan teknik waca tandha. Teknik ganti digunakake kanggo mbuktekake padhanan perangan kang diganteni lan perangan gegantine sajrone kohesi substitusi. Teknik lesap digunakake kanggo mbuktekake padhanan karo perangan kang dilesapake. Teknik waca tandha digunakake kanggo mahami sesambungan antar ukara lan paragraf. Asil saka panliten ngenani kohesi gramatikal iki yaiku piranti kohesi *gramatikal* kang cacah papat kasebut digunakake kabeh. Patang piranti kasebut nyakup pangener, substitusi, ellipsis lan konjungsi. Piranti sing paling akeh digunakake yaiku pangener persona kang nggunakake tembung sesulih pandarbe {-e} lan {-ne}. Piranti kohesi liyane kang uga asring ditemokake yaiku konjungsi temporal. Piranti kohesi *gramatikal* liyane uga ditemokake nanging ora asring kaya pangener persona kang nggunakake tembung sesulih pandarbe {-e} lan {-ne}, lan konjungsi temporal.

Kata kunci : piranti kohesi, piranti kohesi gramatikal

PAMBUKA

Landhesane Panaliten

Piranti *kohesi* mujudake sarana nggayuh kautuhane wacana gegayutan karo sesambungan wujud (Mulyana,2005:26). Para ahli kerep nggayutake piranti *kohesi* iki marang dumadine *koherensi*. Pancen bab cacah loro iki ora bisa ditinggalake. *Kohesi* mujudake wangunane wacana saka bleger sintaksis (Tarigan,1993:96), dene *koherensi* saka bleger semantis utawa makna. Panliten-panliten kang akeh ditindakake umume ora misahake piranti wacana cacah loro iki. Banjur tuwuh pitakon apa sawijine wacana kasebut ora bisa utuh yen mung dideleng saka salah sijine piranti wae. Tegese apa bisa wacana kasebut dionceki kohesine wae kanthi ninggal analisis koherensine.

Sajrone panguripan padinan, panggunane piranti *kohesi* lan *koherensi* iki ora disadhari sadurunge. Tegese saben pawongan kang ngandharake wacana lisan utawa tulis arang banget kang nggatekake

panggongone piranti *kohesi* lan perangan *koherensi* saka wacana kasebut. Bab iki lumrah wae amarga sajrone nyipta wacana ora nglibatake teori sacara jero. Sawijine pawongan kang ngandharake wacana lisan utawa tulis butuhe mung kepriye carane pratelane kasebut bisa dingerteni lan ditanggapi dening mitra tutur utawa pamacane. Pamicara utawa panulis mung diprayogakake ngrantam basa kang bener lan pener supaya bisa dipahami dening mitra tutur utawa pamacane, ing kene iki praktek nggunakake piranti kohesi ora disadhari.

Kahanan panggunane alat basa kang kaya mangkono dadi pawadane panulis milih topik panliten ngenani *kohesivitas* wacana. Kena apa kudu wacana, wangsulane amarga wacana miturut Sugono (2003:95) mujudake sawijine tataran basa kang paling dhuwur lan paling utuh. Bab iki amarga panyusunane wacana dumadi saka satuan basa sing paling prasaja yaiku tembung nganti ukara. Ukara-ukara kasebut banjur isih

digayutake maneh nggunakake piranti tartamtu supaya ngasilake sawijine paragraph kang padu utawa kohesif.

Panliten ngenani piranti kohesi wis nate ditindakake dening Abrian (2013) nanging objeke arupa wacana lisan abasa Indonesia. Panliten kasebut ngasilake dudutan yen jinis piranti *kohesi* wacana kang ditemokake sajrone objek panliten nyakup *kohesi* wacana referensi kang didum dadi *kohesi referensi endofora, eksofora, anaphora, lan katafora*. Uga ditemokake *kohesi* wacana *konjungsi lan ellipsis*. Yen wis ana panliten sing kaya mangkene banjur tuwuh pitakon apa wacana tulis abasa Jawa uga nuduhake sistem panggunane piranti *kohesi* sing padha. Ing kene bisa wae panliten ngenani wacana dheskriptif basa Jawa iki didadekake bandhingan.

Panlitene Abrian (2013) nganalisis panganggone piranti *kohesi* sacara utuh tegese nyakup *kohesi gramatikal lan leksikal*. Panliten iki nduweni sipat kang mligi yaiku nintingi objek panliten arupa wacana dheskriptif basa Jawa saka perangan wujud. Mligine marang sesambungan *gramatikal* wacana wae. Wujud tegese bleger fisik wacana kasebut, panliten iki ora nggepok senggol marang makna kang dikandhut dening wacana sacara utuh. Panliten iki nggunakake teori kohesi saka Halliday lan Hasan (sajrone Mulyana 2005:26).

Objek panliten kang dipilih awujud wacana dheskriptif yaiku rubrik gambang suling kalawarti Jaya Baya taun 2015. Rubrik gambang suling mujudake wacana dheskriptif kang nggambarake informasi sacara jlentreh. Rubrik iki manggon ana kaca ngarep saengga dadi punjer kawigaten pamacane. Panliti nduweni ancas ngerteni kepriye panganggone piranti kohesi gramatikal sajrone wacana kasebut. Panliten iki uga bakal nganalisis kepriye daya pangaribawane piranti *kohesi gramatikal* tumrap wacana dheskriptif.

Tuladhane ukara “Lebaran isih telung sasi maneh, **nanging** massa bonek (supporter bondho nekad) Persebaya 1927 sing kumpul ing ngarep Hotel JW Marroit Surabaya, Setu awan (1/04) iku padha takbiran” ngandhut piranti *kohesi gramatikal* “nanging” kang nduweni makna cecengkahan. Kanthi anane piranti *kohesi gramatikal* awujud pangiket “nanging” kasebut nyebabake ukara ing ndhuwur nduweni teges yen durung wayahe lebaran kok supporter bonek Persebaya wis padha takbiran kudune anggane takbiran isih telung sasi maneh. Piranti *kohesi gramatikal* kang kinandhut sajrone ukara upama disalini kanthi piranti liya banjur nuwuhake teges kang beda. Piranti *kohesi gramatikal* awujud pangiket “nanging” ing ndhuwur disalini nggunakake piranti pangiket liya “lan” bakal nuwuhake teges sing beda. Tuladhane ukara “Lebaran isih telung sasi maneh, **lan** massa bonek (supporter

bondho nekad) Persebaya 1927 sing kumpul ing ngarep Hotel JW Marroit Surabaya, Setu awan (1/04) iku padha takbiran” nuwuhake teges liya yaiku kagiyatan takbire supporter bonek Surabaya kuwi ora ngowahi adat lan wis cocok karo wektune. Ukara kasebut yen nggunakake pangiket “nanging” nuwuhake teges cecengkahan lan ora wajar dene yen nggunakake “lan” nuwuhake teges panggandheng lan cundhuk karo wektune utawa wajar kahanane.

Andharan ing ndhuwur cetha njlentrehake yen panggunane piranti *kohesi* sajrone wacana bisa mangaribawani panangkep saka pamacane. Pangguna piranti *kohesi* sing ora trep bisa uga nyebabake idhe kang dikarepake panulis kuwi seje karo idhe kang ditampa dening pamacane. Bab iki nyebabake warta saka panulis ora bisa ditampa kanthi sawutuhe dening pamaca. Panliten iki bakal nuduhake kepriye pangango lan daya pangaribawane piranti *kohesi gramatikal* sajrone rubrik gambang suling. Adhedhasar andharan ing ndhuwur mula panliti milih irah-irahan *Piranti Kohesi Gramatikal sajrone Wacana Rubrik Gambang Suling ing Kalawarti Jaya Baya Tahun 2015*.

Adhedhasar lelandhesan panliten ing ndhuwur mula bisa disusun underan panliten kepriye pangango lan daya pangaribawane piranti *kohesi gramatikal* tumrap wacana sajrone rubrik gambang suling ing kalawarti Jaya Baya tahun 2015?

Adhedhasar undheran panliten ing ndhuwur mula bisa diweruhi ancane panliten yaiku kanggo ngerteni pangango lan daya pangaribawane piranti *kohesi gramatikal* tumrap wacana sajrone rubrik gambang suling ing kalawarti Jaya Baya taun 2015.

Kohesivitas sajrone Wacana

Konsep kohesi miturut pamawase Mulyana (2005:26) luwih ngener marang sesambungan wujud. Tegese, perangan wacana (tembung utawa ukara) kang digunakake kanggo nyusun sawijine wacana nduweni sesambungan sacara padu lan utuh. Kanthi mangkono, kohesi bisa diarani perangan internal saka wacana.

Tarigan (1993:96) ngandharake yen kohesi mujudake organisasi sintaktik, bab iki ateges kohesi mujudake sawijine wadhah ukara-ukara kang disusun sacara padu kanggo ngasilake tuturan. Bab iki uga negesake yen kohesi mujudake sesambungan antarane perangan wacana siji lan sijine sajrone sawijine wacana sacara gramatikal utawa leksikal.

Alwi (2010:440) nerangake yen *kohesi* mujudake gegayutane antarproposisi kang dinyatakake sacara *eksplisit* dening perangan-perangan *gramatikal* lan semantik sajrone ukara kang nyusun wacana. *Kohesi* bisa uga dideleng adhedhasar sesambungan perangan-perangane ukara. Perangan-perangane ukara

iku disambungake kanthi nggunakake tembung panggandheng.

Ghufron (2010:28) uga ngandharake yen *kohesi* sejatine ngacu marang sesambungan bentuk. Tegese perangan-perangan wacana (tembung utawa ukara) kang digunakake kanggo nyusun wacana nduweni sesambungan sacara padu lan utuh. Kanthi mangkono, *kohesi* mujudake perangan internal sawijine teks.

Rani (2006:94) nerangake yen panggunane piranti formal arupa wujud linguistik mujudake tandha saka sesambungan kohesif. Halliday lan Hassan (sajrone Mulyana 2005:26) merang piranti kohesi dadi rong jinis yaiku piranti kohesi gramatikal lan leksikal. Kohesi gramatikal mujudake piranti kohesi kang nggunakake perangan-perangan kaidah basa kanggo nggayutake sesambungan idhe antara ukara siji lan sijine. Piranti basa kang kalebu kohesi gramatikal yaiku referensi, substitusi, ellipsis lan konjungsi.

Kohesi leksikal negesake sesambungan leksikal kang digunakake sajrone teks. Sesambungan leksikal sing diandharake Santoso (2003:65) bisa asipat *taksonomis utawa non taksonomis*. Ghufron (2010:34) ngandharake yen perangan *kohesi leksikal* kedadeyan saka *repetisi*, *dasanama*, *kosok balen*, *hiponim* sarta *kolokasi*. Tarigan (2009:99) nambahi saperangan saka *kohesi leksikal* yaiku *ekuivalensi*.

Kohesi Gramatikal

Rani (2006:97) nerangake yen *kohesi gramatikal* mujudake piranti kohesi kang nggunakake perangan kaidah basa kanggo nggayutake perangan wacana siji lan sijine supaya ngasilake wacana kang padu lan utuh. Para wasis basa sarujuk marang teori kang digagas dening Halliday lan Hasan (sajrone Mulyana, 2005:26) yaiku anane patang jinis *kohesi gramatikal*. Kapapate yaiku *referensi*, *substitusi*, *elipsis* lan *konjungsi*. Perangan *kohesi gramatikal* cacah papat kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

Referensi

Sacara tradisional, *referensi* utawa pangener ateges sesambungane tembung lan barang. Nalika ngomongake perkara wawasan *semantik* ngenani *referensi*, Lyons (sajrone Lubis, 2011:31) ngandharake yen sesambungan tembung lan barange mujudake sesambungan *referensi* : tembung-tembung kasebut nudhuhake barang. Nanging, ing andharane sing paling anyar, Lyons nerangake yen ngomongake *referensi* tanpa ndulu panuture dudu bab sing bener. Sang panutur sing paling ngerti ngenani *referensi* ukarane.

Ghufron (2010:29) nerangake yen *referensi* kaperang dadi 2 yaiku *endofora* lan *eksofora*. Yen

perangan kang diacu dumunung sajrone *teks*, sesambungan referensine sinebut *endofora*. Sawalike, yen perangan kang diacu manggon sanjabane *teks*, sesambungan referensi sing dumadi yaiku *eksofora*.

Referensi endofora bisa diperang maneh dadi rong jinis yaiku (a) *referensi anaphora* lan (b) *referensi katafora*. *Referensi endofora anaphora* mujudake sesambungan antara perangan siji lan perangan liyane sajrone *teks* kang nudhuhake marang sawijine utawa *anteseden* kang wis disebutake sadurunge.

Sardi oleh ranking siji maneh. Dheweke pancen pinter.

Tembung “dheweke” sajrone ukara kaloro ngacu marang Sardi, yaiku jeneng kang wis sinebut sadurunge (ing ukara kapisan). Pola pengacuan isih ngrujuk marang sawijine bab/ pawongan tartamtu kang manggon sajrone *teks*. Dadi ora perlu nggoleki maneh jeneng Sardi sing endi sing dikarepake. Sawalike, *referensi endofora katafora* ngacu marang *anteseden* kang disebutake sawise. *Referensi endofora* kang *kataforis* bisa ditemokake ing tuladha ngisor iki.

Karo ngajak anake, Bu Sigit mlebu puskesmas iku.

Ukara ing ndhuwur pronomine ngacu marang tembung sabanjure yaiku, Bu Sigit. Terang wae sing anak sing dikarepake ing *klausa* sepisan kuwi anake Bu Sigit, dudu liyane.

Miturut tipe objeke, Lubis (2011:34) referensi bisa kaperang dadi telu yaiku (1) *referensi personal*, (2) *referensi demonstratif*, lan (3) *referensi komparatif*. *Referensi personal* / Pangener Purusa ditandhai pronominal persona kayata aku, kowe, dheweke, lsp. *Referensi demonstratif* / Pangener Panuduh ditandhai kanthi tembung ancer-ancer iki, kuwi, iku, kae, lsp. Dene *referensi komparatif* nduweni titikan nggunakake tembung pambandhing yaiku kayata, kaya, memper, lsp.

Rani (2006:100) uga ngandharake ngenani referensi utawa pangener kang diperang dadi telung jinis kanthi istilah sing beda karo sing diandharake Lubis nanging ngemu teges sing padha. Pamerangan jinis referensi miturut Rani yaiku *pronomina persona*, *pronomina demonstratif* lan *pronomina komparatif*. *Pronomina persona* nduweni teges kang padha karo pengacuan/ *referensi persona*. Rani uga ngandharake yen *pronominal persona* uga nggunakake tembung sesulih purusa (utama purusa, madyama purusa lan pratama purusa) lan sesulih pandarbe {-e, -ne}. *Pronomina* / sesulih persona sejatine ngener marang samubarang kang nduweni sipat kamanungsan mula diarani *persona*.

Pronomina demonstratif / sesulih panuduh nduweni teges sing padha karo *referensi*/ pangener *demonstratif*. Rani uga nerangake yen pronomina

demonstratif ngener marang ancer-ancer utawa arah lan wektu. Ancer-ancer kang diner bisa adoh uga bisa cedhak. Pangener ancer-ancer cedhak bisa nggunakake tembung sesulih panuduh iki, kuwi lsp, dene pangener ancer-ancer sing adoh umume nggunakake tembung sesulih panuduh kae, iku lsp. Pronomina demonstratif kang ngener marang wektu nggunakake tembung sesulih panuduh wektu yaiku saiki, biyen lan netral.

Pronomina komparatif nduweni teges sing padha karo pengacuan utawa *referensi komparatif*. *Pronomina komparatif* mujudake deiktis kang dadi bandingan kanggo bab sing diner/diacu. Tembung-tembung kayata, kaya, lsp mujudake tembung sing digunakake minangka wujud *pronomina komparatif*.

Andharan ing ndhuwur nerangake referensi saka pirang-pirang ahli kang nuju marang pangerten utawa konsep sing padha. Tinemu rong ahli kang merang referensi padha-padha dadi telung jinis nanging nggunakake istilah sing beda senajan konsepe padha. Mula saka kuwi panulis nggunakake salah siji istilah sajrone panliten iki supaya kagayuh konsistensi panliten. Panulis milih nggunakake istilah referensi/pengacuan/pangener kanggo nyebutake jinis referensi. Saengga ing panliten iki, panulis bakal nyebut jinis referensi kanthi istilah pangener persona, pangener *demonstratif* lan pangener *komparatif*.

Substitusi

Substitusi yaiku proses nyulih perangan basa dening perangan liya sajrone satuan kang luwih gedhe. Kridalaksana (sajrone Ghufon, 2010:31) ngandharake yen anggone nyulih iku kanggo ngolehake perangan kang beda utawa nerangake struktur tartamtu. Substitusi miturut Sumadi (1998:13) diperang dadi loro, yaiku :

- (1) *Substitusi Pronomina Persona* yaiku substitusi kang nggunakake tembung sesulih persona. Tembung sesulih persona sing bisa digawe pratandha kohesi yaiku tembung sesulih pratama purusa. Tuladhane tembung sesulih persona dheweke sing bisa ngandhut makna tunggal utawa jamak.
- (2) *Substitusi Pronomina Non Persona* mujudake substitusi kang perangan lekirune arupa bab saliyané tembung sesulih persona. Lelirune bisa arupa tembung, frasa utawa klausa liya kang tegese padha karo perangan sing dilironi. Tuladhane tembung iku, mangkono, mau, lsp.

Elipsis

Tegese *elipsis* miturut pamsudi basa maneka werna wujud. *Elipsis* yaiku anane salah siji utawa maneka unsur sing didhelikake sajrone konstruksi sintaksis. Unsur-unsur kasebut bisa awujud jejer,

wasesa, lan lesan. Ing donya lelewane basa, Tarigan (2009:137) ngandharake yen *elipsis* kalebu ing salah siji jinis *majas* sing ngilangake tembung utawa tembung-tembung ing ukara miturut tata basa.

Mulyana (2005:28) ngandharake elipsis yaiku proses ilange tembung utawa satuwan basa liyané. *Elipsis* uga mujudake sesulih unsur kosong (*zero*) yaiku unsur sing sabenere ana nanging kanthi sengaja didhelikake utawa diilangi. Anane panganggo *elipsis* iki nduweni panganggep yen pamaca utawa pangrungu wis ngerti karo apa sing dimaksud dening panulis utawa wong sing omong.

Sakabehe andharan ngenani teges *elipsis* dening pamsudi basa ing ndhuwur, bisa didudut yen andharan antarane pamsudi basa ing ndhuwur bisa njangkepi andharan teges antarane siji lan sijine. Inti saka andharan tegese *elipsis* dening pamsudi basa ing ndhuwur yaiku elipsis kuwi ndhelikake/nyingitake unsur ing tata basa sajrone ukara. Tujuwane ndhelikake unsur kasebut yaiku supaya basa sing digunakake luwih irit tanpa ngowahi maknane ukara.

Konjungsi

Konjungsi utawa tembung pangiket miturut Lubis (2011:42) yaiku minangka alat kanggo nggandhengeke ukara siji lan ukara liyané. Sumadi (1998:21) merang konjungsi dadi 11 jinis, yaiku:

- (1) Konjungsi Adisi mujudake konjungsi kang nyatakake anane makna “muwuh”. Konjungsi adisi ditandai kanthi tembung lan utawa frasa semono uga, apa maneh lan mangkono uga.
- (2) Konjungsi Kontras yaiku konjungsi kang nyatakake makna “cecengkahan”. Konjungsi kontras ditandai kanthi tembung nanging, kosokbaline, lan suwalike.
- (3) Konjungsi kausalitas mujudake konjungsi kang nuduhake makna “sebab-akibat”. Konjungsi iki nggunakake tembung mulane, jalaran, amarga, lsp.
- (4) Konjungsi Temporal yaiku konjungsi kang nyatakake makna “wektu”. Konjungsi temporal diperang dadi loro yaiku (a) konjungsi temporal kang nyatakake wektu bebarengan, (b) konjungsi temporal kang nyatakake urutan wektu.
- (5) Konjungsi Instrumen nyatakake makna “alat” utawa “sarana” utawa “cara”. Konjungsi iki ditandai kanthi frasa kanthi mangkono, karena mangkono, lan sarana iku.
- (6) Konjungsi konklusi nyatakake makna “dudutan” . Konjungsi konklusi ditandai kanthi tembung dadi lan ateges.
- (7) Konjungsi kondisi mujudake konjungsi kang nyatakake makna “pangumpaman”. Konjungsi kondisi ditandai kanthi frasa Manawa mangkono

- lan umpamane mangkono.
- (8) Konjungsi Intensitas mujudake konjungsi kang nuduhake makna “mbangetake”. Konjungsi iki ditandai kanthi tembung malah. Malahan, luwih-luwih lan frasa apa maneh.
 - (9) Konjungsi Komparasi yaiku konjungsi kang nyatakake makna “bandhingan”. Konjungsi komparasi ditandai kanthi tembung tinimbang, tinimbang mangkene.
 - (10) Konjungsi Similaritas mujudake konjungsi kang njlentrehake makna “pepadhan”. Konjungsi iki ditandai kanthi frasa kaya dene, padha karo.
 - (11) Konjungsi Validitas yaiku konjungsi kang nyatakake bab sing sah/bener. Konjungsi iki ditandai kanthi tembung tetela lan frasa pancen wis satrep.

METODE PANLITEN

Panliten kanthi irah-irahan *Piranti Kohesi Gramatikal sajrone Wacana Rubrik Gambang Suling ing Kalawarti Jaya Baya Taun 2015* iki cundhuk karo tatanan panliten kang diandharake dening Sudaryanto (1988:57), yaiku tata cara nglumpukake dhata, analisis dhata lan tata cara nyuguhake dhata. Metodhe panliten kang digunakake mujudake metodhe agih. Miturut Sudaryanto (1993:15) metodhe agih yaiku metodhe sing ditindakake kanthi nggunakake titikan arupa perangan basa kasebut. Teknik kang digunakake yaiku teknik andum perangan sacara langsung. Teknik lanjutan arupa teknik ganti, teknik lesap, lan teknik waca tandha. Teknik ganti digunakake kanggo mbuktekake padhanan perangan kang diganteni lan perangan gegantine sajrone kohesi substitusi. Teknik lesap digunakake kanggo mbuktekake padhanan karo perangan kang dilesapake. Teknik waca tandha digunakake kanggo mahami sesambungan antar ukara lan paragraf.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Referensi (Pangener) Sajrone Wacana Rubrik Gambang Suling

Referensi minangka salah siji saka wujud kohesi gramatikal kang bisa dadi sarana nggayuh kohesivitas wacana kanthi nggunakake tembung sesulih. Referensi mujudake piranti kohesi sing nuduhake anane perangan sing diner. Adhedhasar kalungguhane bab sing diner sajrone wacana, referensi diperang dadi loro yaiku eksofora lan endofora. Referensi eksofora digunakake kanggo ngener bab sing lungguh ing sanjabane wacana. Referensi endofora digunakake kanggo ngener bab sing ana sajrone wacana. Referensi endofora sajrone wacana iki jinise ana loro katitik saka perangan sing dituju yaiku

katafora lan anaphora. Katafora bisa kedadeyan amarga perangan sing disulih dumunung ing samburine tembung sesulih kasebut. Anaphora dumadi amarga perangan sing disulih manggon ing sangarepe tembung sesulih kang digunakake. Referensi katafora utawa anaphora padha-padha nggunakake pangener persona, pangener demonstrative lan pangener komparatif.

a) Pangener Persona

Pangener persona ngener marang bab sing asipat kamanungsan. Tembung sesulih kang digunakake mujudake sesulih purusa lan sesulih pandarbe. Pangener persona mujudake salah sijine piranti kohesi referensi kanggo nggayuh kohesivitas wacana.

(a) Pangener Persona kanthi Sesulih Pandarbe

Pangener Persona jinis iki nggunakake tembung sesulih pandarbe. Sesulih pandarbe awujud enklitik {-e}lan{-ne} akeh digunakake panulis kanggo nggayuh kohesivitas wacana rubrik gambang suling iki. Panganggone pangener persona kanthi nggunakake tembung sesulih pandarbe bisa dideleng ing andharan ngisor iki.

1) Sesulih Pandarbe Non Insani

Pangener persona kang nggunakake tembung sesulih pandarbe non insane ateges bab sing didadekake acuan mujudake barang mati utawa dudu manungsa. Barang iki senajan ora urip nanging bisa nduwe daya nduweni sawijine bab. Mula saka kuwi diarani sesulih pandarbe non-insani. Ing ngisor ini mujudake pethikan saka panganggone pangener persona kang nggunakake tembung sesulih pandarbe non-insani.

- (1)...Kaya pedhang saumpamane, **HP** bisa murakabi nanging uga bisa mbilaeni yen ora trep panganggone. (LD.N1.K120)

“...Seperti pedang upamanya, HP bisa bermanfaat tapi juga bisa membahayakan apabila penggunaanya tidak tepat.”

- (2) ...**Golkar** dhewe saiki pancen lagi pecah, awit **Ketuane** ana loro, yaiku Aburizal karo Agung Laksono. (LD.N12.K127)

“...Golkar sendiri juga sedang mengalami perpecahan, ketuanya ada dua yakni Aburizal Bakri dan Agung Laksono.”

Pethikan ing ndhuwur mujudake dhata pinilih kang nggunakake ater-ater{-ne}. Piranti ater-ater{-ne} bisa diraketake klawan tembung-tembung kang aksara pungkasane mujudake aksara swara. Dhata pinilih cacah papat kasebut nggunakake tembung sesulih pandarbe sing sipate anaphora. Bab iki amarga panggon referene utawa barang sing dituju ing ngarepe tembung

pangener. Bisa ditegesi yen barang sing diner utawa dadi referene wis diterangake luwih dhisik. Panganggo pangener sing kaya mangkene nggampangake pamacane kanggo mahami wacana kasebut amarga langsung paham anane referen kang wis diterangake ing ngarep. Pamaca ora prelu ngira-ngira acuan apa kang dikarepake dening panulise.

Pethikan nomer (1) ngandhut tembung sesulih {-ne} kang ngener marang HP. Tembung panganggo kuwi ngener marang panganggo HP. Panganggo tembung sesulih {-ne} kanggo ngener HP kuwi nduweni ancas kanggo efisiensi ukara supaya tembung HP ora disebutake bola-bali. HP kang mujudake acuan kuwi sawijine barang sing nyata tegese bisa dikenali lumantar pancadriya. Barang kang awujud HP bisa dicekel lan dideleng uga bisa digunakake.

Sesulih pandarbe {-ne} sing ana ing pethikan (2) ngener marang Golkar. Sawijining partai politik kang nyata anane. Partai kang nduweni pengurus lan anggota mula uga kalebu barang kang nyata. Ukara kasebut nerangake yen barang sing diacu yaiku Golkar nduweni ketua cacahé 2.

(3) ... Wose, **Negara** mblanja PNS-e mung wewaton kelas ijazah, masa kerja, sarta jabatane.(LD.N13.K128)

“... *Intinya, Negara menggaji PNSnya hanya berdasarkan kelas ijazah, masa kerja, dan jabatannya.*”

(4) ... Mangka **RUU** mau kejaba kadhangkala isine ora teges, judhule sok aneh-aneh, kayata **RUU Kesehatan Jiwa**, **RUU system perbukuan**.(LD.N16.K130)

“...*Padahal terkadang RUU tersebut kecuali isinya tidak tegas, judulnya uga sering tidak wajar, seperti RUU Kesehatan Jiwa, RUU sytem perbukuan.*”

Pethikan nomer (3) lan (4) mujudake dhata kang nuduhake yen panulis mapanake enklitik {-e} saukara karo bab sing dituju nanging beda klausa. Enklitik {-e} kang diraketake marang tembung PNS nuju marang duwekke Negara ing ukara kang padha. Tembung Negara kang mujudake panduwene PNS wis diterangake ing sangarepe pangener, mula saka kuwi ukara iki asipat anaphora. Pamaca ora perlu ngira-ngira marang sapa sesulih {-e} kuwi ditujokake amarga katrangane wis disebutake luwih dhisik.

2) Sesulih Pandarbe Insani

Pangener persona uga digunakake kanggo nuju marang bab sing urip utawa insan. Tembung sesulih pandarbe insani mujudake piranti kang diraketake marang tembung tartamtu bisa aran, kriya lan kahanan sing ngener marang panduwe insani utawa barang urip. Barang urip ing kene bisa manungsa, kewan lan wita-

witan. Mligi kanggone manungsa bisa nyakup manungsa secara pribadi (jeneng) utawa manungsa sacara klompok. Tembung sesulih pandarbe insani kang ditemokake sajrone rubrik gambang suling yaiku enklitik {-e}, {-ne}lan{-ku} kang bakal diandharake ing ngisor iki jangkep klawan pethikan dhata kang trep.

(5) **Sekdes Pulutan, Susatyo** (45), kepengin ngambakake dalan-dalan lingkungan ing desane, saengga kendaraan rodha papat bisa parkir tekan ngarep omahe penduduk... (LD.N5.K122)

“*Sekdes Pulutan, Susatyo (45), ingin memperlebar jalan-jalan lingkungan di desanya, sehingga kendaraan roda empat bisa parkir hingga depan rumah penduduk ...*”

(6) Marga bandhane mancing pitakonan, putusane Presiden Jokowi ngajokake **Komjen Budi Gunawan** minangka calon Kapolri, nuwuhake polemik... (LD.N7.K124)

“*Karena hartanya memicu pertanyaan, keputusan Presiden Jokowi untuk mengajukan Komjen Budi Gunawan sebagai calon Kapolri menjadi polemik ...*”

Sesulih pandarbe awujud enklitik {-ne} ing dhata nomer (5) lan (6) manggon ing saukara karo panduwene. Enklitik {-ne} kang diraketake karo tembung desa ing dhata nomer (5) manggon ing klausa sing padha karo bab sing dituju. Bab sing dituju ing kene yaiku Sekdes Pulutan kang aran Susatyo. Desa sing dikarepake ing kono ngener marang desa kang dipanggoni dening Susatyo kasebut. Sekdes Susatyo sing mujudake bab sing dituju manggon ana ngarepe pangener kasebut, mula pangener persona ing kene asipat anaphora.

Dhata nomer (6) uga ngandhut pangener persona mawa sesulih pandarbe awujud enklitik {-ne} kang diraketake menyang tembung bandha. Pangener lan bab sing diner manggon ing ukara sing padha nanging beda klausa. Bab sing diner yaiku Budi Gunawan manggon ana samburine pangener kasebut. Mula saka kuwi ukara iki asipat katafora.

Sabanjure bakal diandharake enklitik {-ne} kang manggon ing paragraph sing padha karo bab sing dituju nanging beda ukara. Dhata lan analisis bakal diandharake kanthi rowa ing andharan ngisor iki.

(7) Awan kuwi warung soto Gading-1 ing Jl Kol. Sudiarto, Solo, rame temenan. Awit sing jajan dudu wong sabaene. Ana Presiden Jokowi adhep-adhepan sakmeja karo **Megawati**, sisihe ketum PDIP iku ana Ketua BNP2TKI Nusron Wahid.Sakiwane maneh ana Gubernur Jateng Ganjar Pranowo, banjur Ketua DPP Nasdem Rico Capella. Katon ngadeg ing mburine Megawati, tuwan rumah Walikota Solo FX Hadi

Rudyatmo, sing brengose kandel ngembari calon Kapolri Komjen BG. (LD.N20.K133)

“Siang itu warung soto Gading I di JL. Kol.Sudiarto, Solo benar-benar padat.Karena yang sedang menikmati hidangan bukanlah orang sembarangan.Ada Presiden Jokowi berhadapan dengan Megawati, sebelah Ketum PDIP itu ada Ketua BNP2TKI Nusron Wahid.Sebelah kirinya ada Gubernur Jateng Ganjar Pranowo, kemudian ketua DPP Nasdem Rico Capela.Terlihat berdiri di belakang Megawati, tuwan rumah yakni Walikota Solo FX Hadi Rudyatmo, yang berkumis tebal menyamai calon Kapolri Komjen BG.”

- (8) **Presiden Brasilia Dilma Rouseffsarta lan PM Australia Tony Abbott** wis ngerti watake Presiden Jokowi. Mula jroning eksekusi gelombang kapindho iki sakarone wis setengah nglokro bisa mbebasake wargane saka eksekusi mati. (LD.N39.K146)

“Presiden Brasilia Dilma Rouseffsarta lan PM Australia Tony Abbott sudah tahu watak Presiden Jokowi. Karena itu di dalam eksekusi gelombang kedua ini keduanya sudah setengah menyerah bisa membebaskan wargannya dari eksekusi mati.”

Pethikan dhata nomer (7) ngandhut enklitik {-ne} kang nuju marang jeneng Megawati. Pangener lan tembung sing diner manggon ing paragraph sing padha nanging beda ukara. Senajan beda ukara nanging tembung sing diner wis diterangake luwih dhisik sadurunge tembung pangenerere. Mula saka kuwi paragraph iki asipat anaphora.Enklitik {-ne} ing dhata iki diraketake marang tembung katrangan sakiwa nuju marang Megawati. Senajan ukara sing ngandhut tembung sakiwane iku ora nduwe jejer nanging wis bisa diweruhi maknane amarga bisa ndeleng katrangan saka ukara sadurunge.

Enklitik {-ne} kang manggon ing dhata nomer (8) uga manggon saparagraf nanging beda ukara karo tembung sing dituju.Tembung wargane ing ukara kapindho wis genah ngener marang duwekke Presiden Brasilia Dilma Rouseffsarta lan PM Australia Tony Abbott. Panganggone tembung sesulih pandarbe ing ukara iki nuju marang pandarbe kang wujud jamak. Senajan pandarbene jamak nanging bab sing diduweni padha yaiku warga, mula pangenerere uga didadekake siji.

Enklitik {-e} uga ditemokake sajrone rubrik gambang suling. Tembung kang bisa diraketi enklitik {-e} nyakup tembung aran, kahanan lan kriya. Andharan jangkep ngenani ananlisis marang dhata pinilih bakal diwedhar ana ngisor iki.

- (9) ... Merga pokale Pak Bupati sing kebacut mau, **Aceng Fikri** didemo rakyate, nganti wusanane lengser saka jabatan Bupati Garut, lan saiki parkir dadi anggota DPD ing Jakarta. (LD.N2.K120)

“...Karena kelakuan Pak Bupati yang keterlaluannya tadi, Aceng Fikri didemo oleh rakyatnya, hingga akhirnya lengser dari jabatannya sebagai Bupati Garut, dan sekarang menjabat anggota DPD di Jakarta.”

- (10) Ndulu sikape pejabat Pertamina menyang Tim RKT, **Faisal Basrin**ate ngudhal pangueg-unege menyang Dirut Pertamina sing anyar Dwi Sucipto... (LD.N3.K121)

“Melihat sikap pejabat Pertamina kepada Tim RKT, Faisal Basri pernah mengutarakan pendapatnya kepada Dirut Pertamina yang baru Dwi Sucipto...”

Pethikan dhata nomer (9) nuduhake panggunane enklitik {-e} menyang tembung rakyat kang manggon saklausa karo tembung sing dituju. Tembung rakyate ngener marang Aceng Fikri kang wis diterangake ing ngarepe. Amarga panggone pangener ana ing mburine bab sing dituju mula ukara iki asipat anaphora. Tembung rakyat kasebut darbeke Aceng Fikri nanging mujudake bab sing ana sanjabane Aceng Fikri pribadhi.

Pethikan dhata nomer (10) uga nuduhake cara pangango enklitik {-e} sing padha karo nomer (9). Panguneg-unege kang diraketi enklitik {-e} ngener marang Faisal Basri.Bedane klawan dhata nomer (10), tembung panguneg-unege mujudake barang darbeke Faisal Basri kang panggone raket klawan Faisal Basri sacara pribadhi. Pangener persona ing kene uga asipat anaphora amarga tembung Faisal Basri minangka bab sing dituju wis diterangake ana ngarep.

2) Tembung Sesulih Pratama Purusa

Tembung sesulih pratama purusa digunakake kanggo ngener marang wong katelu kang dikarepake. Wong katelu kasebut mujudake topik pacelathon.Katon ing pethikan dhata pinilih ngisor iki.

- (11) ...**Novel Baswedan** penyidik KPK kuwi enggal medhot impene, nemoni tamu sing ora ngerti wayah mau. Ning bareng diwetoni, jebul kuwi penyidik Bareskrim Polri.Bengi kuwi uga **dhewéke** diglandhang menyang gedhung Bareskrim Polri, ninggalake omahé ing Jalan Deposito II T8 RT 3 RW I 0, Pegangsaan Dua, Kelapa Gading, Jakarta Utara. (LD.N40.K147)
- “...Novel Baswedan penyidik KPK tersebut segera bangun dari mimpinya, menemui tamu yang tidak tahu waktu tersebut, tetapi ketika*

ditemui, ternyata mereka adalah penyidik Bareskrim Polri. Malam itu beliau diglandang ke gedung Bareskrim Polri, meninggalkan rumahnya di Jalan Deposito II t8 RT 3 RW 10 Pegangsaan Dua, Kelapa Gading, Jakarta Utara.”

Tembung sesulih pratama purusa kang dianggo dening panulis ing pethikan dhata nomer (11) yaiku tembung dheweke. Tembung dheweke ngener Novel Baswedan minangka tokoh katelu sing diomongake sajrone wacana. Tembung pangener lan bab sing diner manggon ana ukara sing seje nanging nuugal paragraph mula isih bisa diweruhi sesambungane. Bab sing dituju wis diterangake luwih dhisik sangarepe pangener mula asipat anaphora.

(12) ...Malah nate, proyek gawe dalam lingkungan mandheg merga dialang-alangi **sing duwe lemah**. Nembe sawise **wonge** pancal donya, proyek jalan bisa mbacut. Ujare Pak Sekdes, “Lha pripun, ming dikethok wite jangklot mawon protes.” (LD.N5.K122)

“...Malah pernah, proyek pembangunan jalan lingkungan berhenti karena dihalang-halangi oleh pemilik tanah. Baru setelah orangnya meninggal dunia, proyek jalan bisa berlanjut. Ujar Pak Sekdes, “Lha bagaimana, hanya ditegor pohon jangklotnya saja protes.”

Pethikan dhata nomer (12) uga nggunakake tembung sesulih pratama purusa yaiku tembung wonge. Wonge ing kene nuju marang wong katelu kang dadi topik omongan sajrone wacana. Wonge ing kene ngener marang *sing nduwe lemah* kang wis dituduhake ing katrangan sadurunge. Amarga katrangan wis disebutake ana ngarep mula ukara iki asipat anaphora. Panggone bab sing dituju karo tembung pangener padha karo pethikan dhata nomer (12) yaiku nunggal paragraph seje ukara.

b) Pangener Demonstratif

Pangener demonstrative mujudake pangener kang nuju marang sawijine panuduh. Adate nggunakake tembung panuduh papan, wektu, cacah lan sapanunggalane. Andharan ing ngisor iki bakal njlentrehake panganggone pangener demonstrative sajrone ukara.

(a) Pangener Demonstratif kanthi Tembung Sesulih Panuduh Papan

Tembung sesulih panuduh papan kang digunakake panulis sajrone rubrik gambang suling iki yaiku tembung kono, kene lan kana. Tembung cacah telu kasebut nuduhake papan sing ancer-ancere seje-

seje. Katrangan luwih jangkep bakal dijlentrehake ing andharan ngisor iki jangkep karo pethikan dhata pinilih.

(13) Amarga perang sedulur antarane kelompok Sunny lan Syiah (minoritas) ing **Yaman**, pemerintah RI kepeksa nylametake ewon WNI-ne kang dedunung ana **kana...** (LD.N32.K141)

“Karena perang saudara antara kelompok Sunny dan Syiah (minoritas) di Yaman, pemerintah RI terpaksa menyelamatkan ribuan WNI-nya yang bertempat tinggal di sana...”

(14) WTS panggilan kelas ekonomi aran **Deudeuh Alfisahrin** (26), nembe iki tiwas dipateni pelanggan, ing omah kos-kosane, JL.Tebet Utara, Jakarta Selatan. Saka **kono** dadi kawiyak, yen omah kos ing ibukota pancen akeh sing ngrangkep dadi bordil. (LD.N34.K142)

“WTS panggilan kelas ekonomi bernama Deudeuh Alfisahrin (26), baru-baru ini tewas dibunuh di kamar kosnya, JL. Tebet Utara, Jakarta Selatan. Dari situ terungkap, jika selama ini rumah kos di ibukota memang banyak yang merangkap rumah bordil.”

(15) **Deudeuh Alfisahrin** sasuwene iki nggolek tamu-tamune liwat jagad maya utawa PSK online. Jeneng singlone tata chubby. **Sawijine wektu nyambung karo akun twitere Priyo Santoso sing nganggo jeneng @santos06yoyo**. Ya saka **kene** iki banjur mupakatan, kang temahane malah dadi dalaning bilahi. (LD.N35.K143)

“Deudeuh Alfisahrin selama ini memang mencari tamu-tamunya melalui jagad maya atau PSK online. Nama samarannya tata chubby. Suatu hari tersambung dengan akun twitter Priyo Santoso yang menggunakan nama @santos06yoyo. Ya dari sinilah kemudian muncul kesepakatan, akhirnya judtru menjadi jalan kematian untuknya.”

Tembung sesulih panuduh kana ing pethikan dhata nomer (13) nuduhake papan sing diner sajrone ukara kuwi adoh panggone. Tembung kana ngener marang Yaman sing panggone adoh saka Negara kita sing dirembug sajrone wacana. Tembung katrangan Yaman wis dituduhake luwih dhisik mula ukara iki asipat anaphora.

Tembung sesulih panuduh kono sejatine nuduhake panuduh papan sing rada adoh. Papan ing pethikan dhata nomer (14) tegese dudu papan panggonan, nanging panuduh kedadeyan kang disebutake ing ukara sadurunge. Kedadeyan sing dikarepake yaiku kedadeyan tiwase WTS kelas ekonomi ing omah kos e. Karepe mono saka kedadeyan kuwi kang disulahi nganggo tembung kono mula banjur

kawiyak yen omah kos ibukota kuwi dadi papan bordil. Sipate ukara padha karo pethikan dhata nomer (14) yaiku anaphora amarga katrangane wis dituduhake luwih dhisik.

Tembung sesulih panuduh kene mujudake panuduh papan sing cedhak. Tembung kene ing pethikan dhata nomer (15) ora digunakake kanggo ngener papan panggonan, nanging ngener sawijine kedadeyan. Kedadeyan ing ukara sadurunge kuwi sing diner mawa tembung kene yaiku ukara *Sawijine wektu nyambung karo akun twitere Priyo Santoso sing nganggo jeneng @santos06yoyo*. Sipate paragraph iki uga anaphora amarga katrangane wis diandharake ana ngarepe tembung pangener.

(b) Pangener Demonstratif kanthi Tembung Sesulih Panuduh Wektu

Tembung sesulih panuduh wektu kang tinemu ing rubrik gambang suling arupa tembung saiki, mengkone lan biyen. Tembung-tembung kuwi kanggo nuju wektu kedadeyane saawijine bab. Andharan ing ngisor iki bakal njlentrehake panganggone tembung sesulih panuduh wektu sajrone ukara.

(16) Saben dinane ana 50-an generasi mudha Indonesia sing tiwas merga narkoba. Ironing status “darurat narkoba” mau, negara kepeksa kejem menyang para penjahat narkoba. **Anehe, saben arep ana eksekusi mati, negarane terpidana protes. Saiki** Prancis ajak-ajak Australia dan Brasil meksa Indonesia mbatalake eksekusi mau. Tujune Presiden Jokowi ora pasah ing pangrimuk, eksekusi tetep jalan terus. (LD.N36.K143)

“Tiap harinya ada 50-an generasi muda di Indonesia tewas karena Narkoba. Di dalam status “darurat narkoba” tersebut, Negara terpaksa kejam pada para penjahat narkoba. Anehnya, setiap aka nada eksekusi mati, Negara terpidana mengajukan protes. Sekarang Prancis mengajak Australia dan Brasil memaksa Indonesia untuk membatalkan eksekusi tersebut. Untung saja Presiden Jokowi tidak mempan rayuan, eksekusi tetap jalan terus.”

Tembung saiki kang tinemu ing pethikan dhata nomer (16) nuduhake wektu kedadeyan sajrone ukara kasebut. Tembung saiki ing ukara kasebut nuju marang wektu sawise ana pengumuman yen bakal ana WNA terpidana narkoba sing dieksekusi mati. Saiki kuwi nuduhake wektu protese Negara asale terpidana kasebut. Wacana iki nyebutake yen Negara asale terpidana sing prtes yaiku Negara Prancis sing ajak-ajak

Australia lan Brasil. Amarga bab sing dituju manggon ing sangarepe pangener mula ukara iki sipate anaphora.

(c) Pangener Demonstratif kanthi Tembung Sesulih Panuduh Cacah

Pangener demonstratif kang nggunakake tembung sesulih panuduh cacah uga digunakake panulise rubrik gambang suling iki. Panganggone sesulih panuduh cacah iki kanggo ngener cacache bab tartamtu. Tembung sesulih panuduh cacah sing tinemu arupa tembung semono. Katrangan luwih rowa bakal kaandharake ing ngisor iki.

(17) ... Durung suwe iki ana kabar, menteri Susi Pudjiastuti arep disogok **Rp 5 trilyun** dening para juragan manca, waton gelem mundur saka Kementerian Kelautan & Perikanan (KKP). Liwat jagad twitter Bu Menteri banjur pratela, ora bakal mundur saka KKP, awit kahormatane ora bisa diajeni kanthi dhuwit **semono**. Wong saka Pangandaran Ciamis iku banjur ngetwit, “Saya bangga tarif untuk seorang lulusan SMP begitu mahal” (LD.N51.K155)

“... Belum lama ini ada kabar, menteri Susi Pudjiastuti akan disogok Rp.5 trilyun oleh para juragan manca, yang penting bersedia mundur dari Kementerian Kelautan dan Perikanan. Melalui twitternya Bu menteri menuturkan, tidak akan mundur dari KKP, karena kehormatannya tidak bisa dihargai uang dengan jumlah itu. Orang dari Pangandaran Ciamis itu kemudian ngetwit “Saya bangga tarif untuk seorang lulusan SMP begitu mahal”

Pethikan dhata nomer (17) ngandhut tembung sesulih panuduh cacah semono. Tembung semono iki ngener marang cacache dhuwit sogokan marang Bu Menteri susi yaiku Rp. 5 trilyun. Amarga bab sing diner wis diterangake ana ngarep mula ukara iki asipat anaphora.

(d) Pangener Demonstratif kanthi Tembung Sesulih Panuduh Liya

Kajaba tembung sesulih panuduh kang wis diandharake ing ndhuwur, sajrone rubrik gambang suling uga tinemu tembung sesulih panuduh liya. Panuduh liya kang tinemu yaiku arupa tembung kuwi. Andharan luwih rowa bakal dijlentrehake ana ngisor iki.

(18) **Pas tanggal 12 Mei 2015, timRTKM** wis purna tugas. (2) Dina **kuwi** uga Faisal Basri minangka ketua tim enggal masrahake rekomendasine

menyang Menteri ESDM Sudirman Said....
(LD.N43.K149)

“Tepat tanggal 12 Mei 2015, tim RTKM sudah purna tugas. (2) Hari itu juga Faisal Basri sebagai ketua Tim segera menyerahkan rekomendasinya kepada Menteri ESDM Sudirman Said...”

Tembung sesulih panuduh liya kuwi kang ana ing pethikan dhata nomer (18) iki nuduhake perangan kang ana ing wacana kasebut. Perangan kasebut yaiku frasa *Pas tanggal 12 Mei 2015*. Dadi tembung kuwi minangka paneges anane perangan kasebut kang digayutake karo ukara sabanjure. Amarga bab sing dituju manggon ana sangarepe pangener mula ukara iki asipat anaphora.

c) Pangener Komparatif

Pangener komparatif nggunakake tembung pangener minangka bandhingan kanggo bab sing dituju. Panulis rubrik gambang suling uga nggunakake tembung pangener komparatif iki arupa tembung kaya. Dhata pinilih bakal dituduhake ana ing ngisor iki jangkep karo analisis ngenani pangener komparatif.

(19) (1) **Sokngonowa ora kabeh lancar gangsar.** (2)

Kayasing dipratelake Kepala Staf TNI-AU Marsekal Agus Supriatna, rikala pesawat TNI arep nyasak wilayah gegana Yaman, perijinane ora enggal metu amarga wis dikuwasani otoritas Arab Saudi. (LD.N33.K141)

“Meskipun begitu tidak semua hal lancar.(2) Sepertiyang dijelaskan oleh Kepala Staff TNI AU- Marsekal Agus Supriatna, ketika pesawat TNI akan menyerang wilayah gegana Yaman, perijinan tidak dapat segera keluar karena sudah dikuasai otoritas Arab Saudi.”

Tembung kaya kang tinemu ing pethikan dhata nomer (19) nuduhake yen kahanan kang sinebut ing ukara kapisan kasebut bener anane dibandhingake karo ukara kapindho. Amarga panggone bab sing dituju ana ing ngarepe tembung pangener mula ukara iki asipat anaphora. Sipate ukara uga padha karo pethikan dhata nomer (19) yaiku anaphora.

4.1.2 Substitusi (Panyulihan) Sajrone Wacana Rubrik Gambang Suling

Substitusi mujudake upaya nggenteni perangan gramatikal sajrone wacana nggunakake piranti liyane kanthi ancas nggayuh kohesivitas wacana. Substitusi bisa dipapanake ing rong panggon. Kapisan yaiku sawijine frasa kang bisa nyulih klausa sajrone saukara utawa ukara liyane. Kapindho sawijine frasa kang bisa nyulih ukara ing sajrone sapada utawa ing pada liya kang topike isih gegayutan.

4.1.2.1 Substitusi Pronomina Persona

Substitusi pronomina persona yaiku substitusi kang nggunakake tembung sesulih persona. Tembung sesulih persona sing bisa digawe pratandha kohesi yaiku tembung sesulih pratama purusa. Tuladhane tembung sesulih persona dheweke sing bisa ngandhut makna tunggal utawa jamak. Substitusi pronomina persona uga digunakake sajrone rubrik gambang suling kanthi tembung sesulih dheweke. Panggunane bakal diandharake ing ngisor iki jangkep karo pethikan dhata pinilih.

(20) Banjur ing Pasar Jenar Kec. Purwodadi Kab. Purworejo (Jateng), ana pengamen jrang-jreng nganggo gitar kluwus. Mbok bakul sing dadi papane mbarang wis nyepakake dhuwit Rp 500. Dumadakan **sang pengamen** leren anggone tetembangan, amarga HP-ne muni. Rikala **dheweke** caturan dhewe ing HP, para pedagang pasar mau padha nggrundel, "Wooo...., wong duwe HP kok ngamen!" (LD.N73.K173)

“Kemudian di Pasar Jenar Kec. Purwodadi Kab Purworejo (Jateng), ada pengamen menggunakan gitar lapuk. Pedagang yang menjadi tempatnya ngamen sudah menyediakan uang Rp.500. tiba-tiba sang pengamen berhenti menyanyi, karena HPnya bordering. Ketika dia berbicara sendiri di HP, para pedagang pasar tersebut mengeluh, “Woo....orang punya HP kok ngamen!”

Pethikan dhata ing ndhuwur nuduhake panganggone substitusi pronomina persona. Pethikan dhata nomer (20) nuduhake yen tembung dheweke digunakake kanggo nglirone frasa sang pengamen sing ana ukara sadurunge. Panulis nggunakake tembung sesulih persona kanggo efisiensi ukara sajrone paragraph kasebut. Bab iki nduweni ancas supaya jeneng utawa persona kasebut ora bola-bali disebutake ing saben ukara, mula kudu disulih.

4.1.2.2 Substitusi Pronomina Non Persona

Substitusi pronomina non persona mujudake substitusi kang perangan lelirune arupa bab saliyané tembung sesulih persona. Lelirune bisa arupa tembung, frasa utawa klausa liya kang tegese padha karo perangan sing dilirone. Tuladhane tembung iku, mangkono, mau, lsp.

(21) Ketua Kompolnas Adrianus Meliala judheg temenan. Wis direwangi awan-bengi nyeleksi calon Kapolri, nganti nlesihake para calon tekan papan tugase sing biyen-biyen, teka bareng Presiden Jokowi milih **Komjen Budi Gunawan**, kok protese publik saya kenceng. Mergane, bebrayan wis suwe krungu menawa **jendral polisi**

pejabat Kalemdikpol Polri kuwi kesangkut isu rekening gendhut. (LD.N75.K175)

“Ketua Kompolnas Adrianus Meliala sedang bingung. Sudah susah payah menyeleksi calon Kapolri, hingga menyelidiki para calon hingga tempat kerjanya dulu, ketika Presiden Jokowi milih **Komjen Budi Gunawan**, kok protes publik semakin menguat. Hal ini karena, masyarakat sudah lama mendengar bahwa **jendral polisi pejabat Kalemdikpol Polri** itu terlibat isu rekening gendhut.”

Pethikan dhata nomer (21) nuduhake upaya nyulih jeneng *Komjen Budi Gunawan* kanthi klausa kang nuduhake teges sing padha. Klausa *jendral polisi pejabat kalemdikpol iku* tegese uga *komjen Budi Gunawan* kuwi dhewe. Klausa sing digunakake kanggo sesulih kasebut nuduhake jabatane Budi Gunawan dhewe. Pethikan iki nuduhake anane upaya nyulih klausa kanthi klausa sajrone paragraph.

4.1.3 Elipsis Sajrone Wacana Rubrik Gambang Suling

Elipsis digunakake sajrone ukara supaya luwih cendhak lan luwih becik rantamane. Ilange perangane ukara ora nganti ngowahi makna sing dimaksud lan tetep bisa nggayuh informasi sing trep. Anane panganggo *elipsis* iki nduweni panganggep yen pamaca utawa pangrungu wis ngerti karo apa sing dimaksud dening panulis utawa wong sing omong. Elipsis uga diarani kanthi istilah substitusi zero (\emptyset) kanti ancas ukara kasebut dadi luwih efektif lan efisien.

Ellipsis kang digunakake panulis kanggo nulis wacana rubrik gambang suling iki nyakup ellipsis jejer, wasesa lan lesan. Perangan cacah telu minangka sarat kautuhane ukara kasebut ana sing diilangake ing ukara tartamtu. Bab iki amarga katrangan ngenani perangan ukara cacah telu kuwi wis diandharake luwih dhisik. Mula senajan ana perangan sing diilangake, pamaca ora bingung ngerteni ukara kasebut.

(22) (1) Wonge nggantheng, isih mudha, jabatane bupati sing rada medok pisan; sapa sing ora tepung karo Aceng Fikri? (2) Merga sarwa rumangsa bisa mau, bojo ora trima siji. (3) Rikala \emptyset kesengsem karo prawan desa Fanny Oktora, banjur dinikah siri. (4) Nanging jalaran ngibaratake mobil ora kepenak rikala “test drive”, dina esuke kontan dipegat liwat SMS, thit, thit, thit! (5) Merga pokale Pak Bupati sing kebacut mau, Aceng Fikri didemo rakyat, nganti wusanane lengser saka jabatan Bupati Garut, lan saiki parkir dadi anggota DPD ing Jakarta. (LD.N60.K163)

“(1) Orangnya tampan, masih muda, jabatannya bupati yang suka main perempuan pula; siapa yang tidak mengenal Aceng Fikri? (2) Karena serba merasa bisa tadi, isitrinya tidak hanya satu. (3) Ketika \emptyset terpesona pada gadis desa Fanny Oktora, kemudian dinikah siri. (4) Namun ketika mengibaratakan mobil yang tidak nyaman ketika “test drive”, hari berikutnya kontan diceraikan lewat SMS, thit, thit, thit! (5) Karena ulah Pak Bupati yang keterlaluan tadi, Aceng Fikri didemo rakyat, hingga akhirnya lengser dari jabatan Bupati Garut, dan sekarang parkir menjadi anggota DPD di Jakarta.”

Pethikan dhata nomer (22) iki nggunakake ellipsis jejer. Ukara kasebut ngandharake tokoh Aceng Fikri lan kelakuwane. Ing ukara nomer (1) disebutake langsung jeneng Aceng Fikri, nanging ing ukara sabanjure yaiku ukara nomer 3 jeneng Aceng Fikri minangka jejer diilangake. Upaya pangilangan iki ditindakake kanggo efisiensi ukara. Panulis nggunakake upaya iki amarga pamaca dirasa wis mahami tegese ukara kasebut senajan jejer ora kanthi melok disebutake.

Ellipsis kang digunakake panulis saliyane ngilangake perangan jejer uga ngilangake perangan wasesa. Perangan wasesa sing diilangake ora mangaribawani marang tegese ukara. Bab iki amarga karepe panulis wis bisa dingerteni saka konteks ukara.

(23) (1) DPR periode 2009-2014 nate ngusulake gedhung anyar DPR, ing ditampik. (2) Saiki diusulake maneh dening Ketua DPR Setya Novanto, kanthi polesan kana kene. (3) Yen dhisik mlaha gedung DPR, saiki usulane gedhung museum lan perpustakaan, ditambah papan perkantoran. (4) Embuh kurang teliti apa priye, Presiden Jokowi setuju. (5) Gedung anyar DPR mau bakal dibangun kanthi anggaran Rp 1,2 triliun. (6) Peletakan batu pertama bakal ditindakake tanggal 16 Agustus 2015 sawise Presiden Jokowi \emptyset pidato kenegaraan. (LD.N71.K172)

“(1) DPR periode 2009-2014 pernah mengusulkan gedung DPR, tetapi ditolak. (2) Sekarang diusulkan lagi oleh Ketua DPR Setya Novanto, dengan polesan sana sini. (3) Jika dulu nyata gedung DPR, sekarang usulannya gedung museum dan perpustakaan, ditambah perkantoran. (4) Entah kurang teliti atau bagaimana, Presiden Jokowi setuju. (5) Gedung baru DPR akan dibangun dengan anggaran Rp 1,2 triliun. (6) Peletakan batu pertama akan dilaksanakan pada tanggal 16 Agustus 2015 setelah Presiden Jokowi \emptyset pidato kenegaraan.”

Pethikan nomer (23) ngandhut ellipsis wasesane ing ukara nomer (6). Tembung sing diilangake minangka wasesa yaiku *nindakake*. *Sawise presiden Jokowi nindakake pidato* kudune, nanging marga pamaca wis dianggep ngerteni karepe panulis mula mung ditulis *sawise presiden Jokowi pidato* ngono wae. Teges sing ditangkep pamaca isih padha senajan perangan wasesane diilangake.

Saliyane ngilangi perangan jejer lan wasesa, perangan lesan uga bisa diilangake. Ilange perangan lesan ora ngowahi tegese ukara amarga karepe panulis bisa didulu saka knonteks wacanane. Ing ngisor iki bakal diandharake panggunane ellipsis lesan sajrone ukara kanthi pethikan dhata pinilih saka rubrik gambang suling.

(24) (1) Gunggung desa sa-Indonesia kuwi dinane iki ana 72.000. (2) Kanthi pathokan jembare wilayah karo gunggung rakyat, dum-dumane ϕ dadi undha-usuk ora padha. (3) Ana sing nampa atusan yuta, ana uga sing mung puluhan yuta. (4) Tur kuwi ora diwenehake gledhak, dicicil nganti kaping telu, sasi April 20 1540 %, Agustus 40 % lan Nopember 20 %. (5) Bebasan kakehan gludhug kurang udan pancene. (6) Lha ning priye, karang kekuwatan pemerintah lagi tekan semono. (LD.N62.K165)

“(1) Jumlah desa se-Indonesia itu saat ini ada 72.000. (2) Dengan patokan luas wilayah dengan jumlah rakyat, pembagian ϕ jadi tidak sama. (3) Ada yang menerima ratusan juta, ada juga yang hanya puluhan juta. (4) Dan itu tidak diberikan secara langsung, dicicil hingga tiga kali, bulan April 2015 40 %, Agustus 40 % dan Nopember 20 %. (5) Ibarat banyak petir kurang hujan. (6) Mau bagaimana lagi kekuatan pemerintah hanya sampai disitu.”

Pethikan dhata nomer (4) nuduhake panggunane ellipsis lesan ing ukara nomer (2). Lesane yaiku *dana desa* diilangake ing ukara kasebut. Senajan lesane diilangake nanging tegese ukara ora owah. Pamaca bisa ngerteni tegese ukara kanthi ndulu konteks paragraph kasebut. Kontekse yaiku ngenani dana desa, mula sing dikarepake dum-duman ing ukara nomer (2) kuwi wis mesthi *dana desa*. Bab iki uga bisa diweruhi amarga ana andharan ngenani gunggung lan carane andum dana desa kasebut ing ukara sabanjure.

Konjungsi (Pangiket) sajrone Wacana Rubrik Gambang Suling

Konjungsi mujudake tembung utawa frasa kang nduweni fungsi kanggo ngiket tembung, frasa, klausa utawa ukara saengga bisa nuwuhake makna sing utuh. Konjungsi bisa diperang adhedhasar makna kang

dinyatakake dening tembung pangikete. Andharan kang rowa ngenani konjungsi bakal dijlentrehake ing ngisor iki jangkep karo pethikan dhata.

4.1.4.1 Konjungsi Adisi

Konjungsi adisi mujudake konjungsi kang nyatakake anane makna “muwuhi”. Konjungsi adisi ditandai kanthi tembung *lan* utawa frasa *semono uga, apa maneh, lan mangkono uga*. Konjungsi adisi uga tinemu sajrone rubrik gambang suling. Andharan ing ngisor iki nuduhake panganggane konjungsi adisi “lan” sajrone rubrik gambang suling.

(25) (1) Kadadayan ing Garut kuwi taun 2012 **lan** sing ana Purworejo dhek taun 2000-an. (2) Saka kadadayan sakarone mau bisa digawe dudutan, yen HP sing biyen di- anggep barang mewah saiki wis mudhun kasta dadi piranti lumrah sing murakabi kanggo kabutuhan apa wae. (3) Yen biyen sing duwemung mligine wong kutha sing sugih dhuwit, saiki Pak Truna- Lik Naya sing lagi ngilekake banyu ing sawahe, wis padha nyekel HP dhewe-dhewe. (LD.N105.K199)

“(1) Kejadian di Garut tersebut tahun 2012 **dan** yang ada di Purworejo taun 2000-an. (2) Dari kedua kejadian tersebut bisa disimpulkan, bahwa HP yang dulunya dianggap barang mewah serkarang turun kasta jadi piranti lumrah yang bermanfaat untuk kebutuhan apa saja. (3) Jika dulu yang memiliki hanya ora kota yang kaya, sekarang Pak Truna- Lik Naya yang sedang mengairi sawahnya, sudah memegang HPnya sendiri-sendiri.”

Pethikan dhata nomer (25) ngandhut konjungsi adisi “lan” ing ukara nomer (1). Tembung pangiket “lan” nduweni fungsi kanggo ngiket klausa *kedadayan ing Garut taun 2012* marang klausa *sing ana Purworejo dhek taun 2000-an* sing mratelake muwuhi. Tegese ing kono kadadeyane padha, mula banjur nggunakake pangiket “lan” sajrone saukara. Ukara nomer siji kasebut mratelake makna muwuhi. Pangiket muwuhi arupa tembung “lan” ngiket frasa sajrone saukara. Frasa *pedagang makanan pokok, masyarakat transportasi, masyarakat pengusaha industry* kang dadi objek pratelan sabanjure digayutake nggunakake tembung “lan” supaya idhe kang diandharake bisa gayut. Pangiket muwuhi “lan” asipat nggayutake, mula anane piranti iki bisa nyebabake paragraph ing ndhuwur dadi kohesif.

4.1.4.2 Konjungsi Kontras

Konjungsi kontras yaiku konjungsi kang nyatakake makna “cecengkahan”. Konjungsi kontras ditandai kanthi tembung nanging, kosokbaline, lan

suwalike. Panggunane konjungsi kontras sajrone rubrik gambang suling iki kanggo ngiket ukara siji lan sijine ing paragraph sing padha lan ngiket paragraph siji lan liyane. Andharan ngenani panganggone konjungsi kontras sajrone rubrik gambang suling bakal dijlentrehake ing ngisor iki jangkep klawan pethikan dhata pinilih.

(26) (1) ...Sudirman Said mojar, "BPH Migas arep dikapakake, SKK Migas arep dikepriyake, sumangga Tim Faisal Basri makarya."

(2) **Nanging** lha dalah, lagi wae arep jumangkah nyambutgawe, kayane Tim ketemu buta Cakil komplit sakTogog-mbilunge.(3) Direktur Pemasaran Pertamina- mina ditakoni bab pira regane BBM impor kuwi, mung kandha "tidak tahu", sajak pancen kumbi Ian arep nutup- nutupi. (4) Humas Pertamina Ali Mudakir uga emoh waleh yen pehake sasuwene iki tuku BBM Bersubsidi liwat calo. (5) Mangka tim RTKM darbe bukti melok saka Singapura, yen Pertamina blanja menyang trader bangsane Hin Leong Trading Ltd, Ian Kernel Oil. (LD.N107.K201)

"(1) ...Sudirman Said berujar, "BPH Migas akan diapakan, SKK Migas akan diapakan, silahkan Tim Faisal Basri bekerja."

(2) **Tetapilha** dalah, lbaru saja akan melangkah bekerja, sepertinya Tim ketemu buta Cakil komplit Togog-mbilungnya. (3) Direktur Pemasaran Pertamina yang ditanya berapa harga BBM impor itu, hanya bilang "tidak tahu", kelihatan memang ingin bungkam dan menutupi sesuatu. (4) Humas Pertamina Ali Mudakir juga tidak mau jujur jika selama ini pihaknya membeli BBM Bersubsidi lewat calo. (5) Padahal tim RTKM memiliki bukti nyata dari Singapura, jika Pertamina belanja kepada trader sebangsa Hin Leong Trading Ltd, Ian Kernel Oil."

Pethikan nomer (26) nduweni teges yen pratelan ing paragraph sadurunge kang ditandai kanthi nomer (1) kuwi cengkah karo pratelan kang ana ing paragraph sabanjure kang ditandhai kanthi nomer (2).

Saliyane nggunakake tembung pangiket "nanging", tembung pangiket kang mratelake makna cecengkahan uga bisa nggunakake tembung "suwalike".Pethikan dhata pinilih ing ngisor iki nggunakake tembung pangiket suwalike.Analisis ngenani panganggone tembung pangiket suwalike bakal diandharake kanthi rowa ing ngisor iki.

(28) (1) **KMP darbe alasan, Pilkada perlu dibalekake menyang DPRD amarga sasuwene iki Pilkada langsung nggarahi boros**

anggaran. (2) Kejaba kuwi para Kepda sing wis entek alas entek omah kanggo melu njago, akeh sing kejiret kasus korupsi merga banjur "golek pulihan". (3) **Suwalike KIH nduwa tekade KMP, jalaran kanthi Pilkada liwat DPRD sengara ditemokake pemimpin modhel Jokowi, Tri Risma Harini (Walikota Surabaya) utawa Ridwan Kamil (Walikota Bandung).** (LD.N112.K206)

"(1) **KMP memiliki alasan, Pilkada perlu dikembalikan ke DPRD karena selama ini Pilkada langsung menyebabkan boros anggaran.** (2) **Kecuali itu para Kepda yang sudah kebisn harta untuk mencalonkan diri, banyak yang terjerat kasus korupsi karena ada istilah "golek pulihan".** (3) **Sebaliknya KIH menjegal tekadnya KMP, karena melalui Pilkada lewat DPRD tidak mungkin ditemukan pemimpin seperti Jokowi, Tri Risma Harini (Walikota Surabaya) atau Ridwan Kamil (Walikota Bandung).**"

Pethikan dhata nomer (28) nuduhake panganggone tembung pangiket kontras "suwalike" kang manggon ing paragraph sing beda. Tembung iki nuduhake yen pratelan ing paragraph kapisan nduweni makna kang cengkah karo paragraph sabanjure.Tembung suwalike mratelake makna ora padha babarpisan. Tembung iki digunakake kanggo nggayutake idhe kang ana ing paragraph kapisan lan paragraph kapindho. Pethikan dhata nomer (64) uga nggunakake tembung sesulih cecengkahan kang padha yaiku "suwalike". Bedane, tembung pangikete digunakake kanggo ngiket rong ukara sajrone saparagraf. Ukara kang ana sajrone paragraph kasebut mrathelake makna kang cengkah mula digunakake tembung pangiket kang nuduhake makna cecengkahan.

Tembung pangiket "mangka" uga digunakake kanggo mrathelake makna cecengkahan. Panggunne bisa kanggo ngiket rong ukara ing paragraph sing padha utawa ngiket rong paragraph sing beda. Andharan ing ngisor iki nuduhake panganggone tembung pangiket "mangka" ing dhata pinilih sajrone rubrik gambang suling.

(29) (1) **Mangka** kanthi kepengurusan sing digawe njendhel mau, pemerintah wis ora ngakoni salwiring kegiyatane PSSI. (2) Pemerintah pusat nganti dhaerah klebu kepolisian ora bisa maneh aweh pelayanan Ian fasilitas marang kepengurusan PSSI klebu kegiatan olahraga apa wae. (3) Kanthi swasana sing kaya ngono, saengga PSSI bisa malih pangerten dadi: Paguyuban Singso- Singso Indonesia! (LD.N123.K214)

“(1) **Padahal** dengan kepengurusan yang dibuat beku tersebut, pemerintah sudah tidak mengakui semua kegiatan PSSI. (2) Pemerintah pusat sampai daerah termasuk kepolisian tidak bisa lagi memberi pelayanan dan fasilitas pada kepengurusan PSSI termasuk kegiatan olahraga apa saja. (3) Melalui swasana yang seperti itu, sehingga PSSI bisa berubah pengertian jadi: *Paguyuban Singsot-Singsot Indonesia!*“

Tembung pangiket mangka ing pethikan nomer (29) digunakake kanggo ngiket rong ukara jroning paragraph sing padha. Rong ukara kang digandhengeke kanthi tembung “mangka” kasebut nduweni makna sing cengkah. Panggone tembung “mangka” ana ing ngarepe paragraph negesake yen ukara kang kinandhut ing paragraph kasebut ngandhut makna sing cengkah antara siji lan sijine.

4.1.4.3 Konjungsi Kausalitas

Konjungsi kausalitas mujudake konjungsi kang nuduhake makna “sebab-akibat”. Konjungsi iki nggunakake tembung mulane, jalaran, amarga, lsp. Tembung pangiket kausalitas sing digunakake ing rubrik gambang suling yaiku tembung mula, amarga lan awit. Katelune ngiket perangan wacana kang ngandharake makna kausalitas utawa sebab akibat.

(30) Merga ing pasarintemasional ora ana, TimRKTMM kewuhan golek pembandhing, rega BBMIndonesia kuwi kemurahan apakelarangen. Layak wae Direktur Pemasaran Pertamina Suharto toko mung wangsulan “tidak tahu” rikala dioyak TIM RKTMM bab regane BBM bersubsidi singsatemene.

Mula Tim RTKM aweh rekomendasi utawa pamrayoga, amrih Pertamina limang sasi mengarep aja pisan-pisan impor premium maneh. Luwih becik nggunakake bensin jinis Ron 92 sing padha karo pertamax. Yen dienggo progam BBM Bersubsidi negara bisa noroki Rp500 saklitere. Sing genah, kanthi rega Ron 92 Rp8.500 seliter konsumen wis entuk bensin singbecik. (LD.N108.K202)

“*Karena dipasar intemasional tidak ada, TimRKTMM kesulitan mencari pembandhing, harga BBMIndonesia itu terlalu murah atau terlalu mahal. Pantas saja Direktur Pemasaran Pertamina Suharto hanya menjawab “tidak tahu” ketika dikejar TIM RKTMM soal harga BBM bersubsidi yang sebenarnya.*”

Maka TimRKTMM memberirekomendasi atau saran, supaya Pertamina limabulan kedepan jangan sekali-kali impor premium lagi. Lebih baik menggunakan bensin jenis Ron92 yang sama

dengan pertamax. Jika digunakan progam BBM bersubsidi negara bisarugi Rp500 per liter. Yang jelas, dengan harga Ron92 Rp8.500 per liter konsumensudah mendapat bensin yang baik.”

Tembung pangiket “mula” ing pethikan dhata nomer (30) digunakake kanggo ngiket idhe kang kinandhut ing paragraph siji lan paragraph loro. Tembung “mula” mrathelake makna sebab akibat. Anane kedadeyan ing paragraph siji nyebabake kedadeyan ing paragraph sabanjure. Anane tembung pangiket iki nduweni ancas kanggo nggayutake idhe antarane paragraph siji lan paragraph loro. Gegayutan idhe iki nyebabake kagayuh kautuhan wacana sajrone paragraph cacah loro kasebut.

4.1.4.4 Konjungsi Temporal

Konjungsi temporal yaiku konjungsi kang nyatakake makna “wektu”. Konjungsi temporal diperang dadi loro yaiku (a) konjungsi temporal kang nyatakake wektu bebarengan, (b) konjungsi temporal kang nyatakake urutan wektu. Rubrik gambang suling uga nggunakake tembung pangiket kang nyatakake makna wektu. Andharan ing ngisor iki bakal nganalisis dhata kang nggunakake tembung pangiket sing mrathelake makna wektu.

(31) (1) Karl Marx tokoh komunis Rusia nate kandha, agama kuwi candu masyarakat. (2) Yen saiki, candu masyarakat ya HP kuwi. (3) Meh saben wong cekelane HP. (4) Tifatul Sembiring rikala dadi Menkominfo nate mratelakake, pelanggan HP ing Indonesia wis ana 270 yuta, mangka nalika semana gung-gung penduduke 240 yuta. (5) Ning data paling anyar nyathet, pandarbe HP saiki ana 370 yuta, rikala gunggung penduduk Indonesia ngancik 250-an yuta. (LD.N106.K200)

“(1) *Karl Marx tokoh komunis Rusia pernah mengatakan, agama itu candu masyarakat. (2) Kalau sekarang candu masyarakat ya HP itu. (3) Hampir semua orang memegang HP. (4) Tifatul Sembiring ketika menjadi Menkominfo pernah mengatakan, pelanggan HP di Indonesia sudah ada 270 yuta, padahal waktu itu jumlah penduduknya 240 juta. (5) Tapi data paling anyar mencatat, pemilik HP sekarang ada 370 juta, ketika jumlah penduduk Indonesia mencapai 250-an juta.*“

Pethikan dhata nomer (31) nggunakake piranti pangiket wektu kang nyatakake wektu bebarengan,. Tegese perangan wacana sing digandhengeke nggunakake tembung pangiket iki kedadeyane bebarengan. Pethikan nomer (31) nggunakake tembung pangiket rikala. Iki tegese kedadeyan ing klausa sadurunge kuwi wektune bebarengan karo kedadeyan

ing klausa sabanjure. Kedadeyan *pandarbe HP saiki ana 370 yuta dumadi ing wektu kang padha karo kedadeyan gunggung penduduk Indonesia ngancik 250-an yuta.*

Saliyane nggunakake tembung pangiket wektu bebarengan, panulis rubrik gambang suling uga nggunakake tembung pangiket urutan wektu. Tembung pangiket urutan wektu kang tinemu sajrone rubrik gambang suling yaiku tembung “sawise”, “sabanjure”, “wiwit-nganti” lan “wekasane”. Analisis ngenani panganggone tembung pangiket urutan wektu iki marang dhata pinilih bakal diandharake ing jlentrehan ngisor iki.

(32) (1) **Sawise** Ahok dadi Gubernur DKI Jakarta nggenteni Jokowi kang sinengkakake ing ngaluhur dadi Presiden RI, blanja PNS DKI temen-temen mlumpat luwar biasa. (2) Sak ora orane manut Ahok, blanja lurah Rp 33.730.000, mundhak Rp 20 yuta saka taun wingi sing mung Rp 13 yuta. (3) Princene: gaji pokok Rp 2.082.000, tunjangan jabatan Rp.1.480.000, TKD (tunjangan kerja daerah) statis Rp13.085.000, TKD dinamis Rp13.085.000, lan tunjangan transportasi Rp 4.000.000. (4) Camat Rp 44.284.000, uga mundhak 20 yuta saka taun 2014. (5) Peprincene: gaji pokok Rp3.064.000, tunjangan jabatan Rp 1.260.000, TKD statis Rp19.008.000, TKD dinamis Rp19.008.000, lan tunjangan transportasi Rp 6.500.000. (LD.N113.K207)

“(1) **Sesudah** Ahok jadi Gubernur DKI Jakarta menggantikan Jokowi yang menjabat Presiden RI, belanja PNS DKI benar-benar melompat luar biasa. (2) Setidaknya menurut Ahok, belanja lurah Rp 33.730.000, naik Rp 20 juta dari tahun kemarin yang hanya Rp 13 juta. (3) Rinciannya: gaji pokok Rp 2.082.000, tunjangan jabatan Rp.1.480.000, TKD (tunjangan kerja daerah) statis Rp13.085.000, TKD dinamis Rp13.085.000, dan tunjangan transportasi Rp 4.000.000. (4) Camat Rp 44.284.000, juga naik 20 yuta dari tahun 2014. (5) Rinciannya: gaji pokok Rp3.064.000, tunjangan jabatan Rp 1.260.000, TKD statis Rp19.008.000, TKD dinamis Rp19.008.000, dan tunjangan transportasi Rp 6.500.000.”

Tembung pangiket “sawise” nuduhake anane pratelan urutan wektu. Paragraph kasebut nggunakake tembung “sawise” kanggo ngiket klausa sajrone ukara kapisan. Ukara kapisan kasebut dumadi saka rong klausa sing kedadeyane dumadi kanthi urutan wektu. Kedadeyan ing klausa kapisan dumadi sadurunge kedadeyan ing klausa kapindho dumadi. Kedadeyan

Ahok dadi Gubernur DKI Jakarta nggenteni Jokowi kang sinengkakake ing ngaluhur dadi Presiden RI dumadi sadurunge kedadeyan blanja PNS DKI temen-temen mlumpat luwar biasakuwi dumadi. Saengga bisa didudut yen klausa kapindho dumadi sabubare klausa kapisan dumadi. Kaya ngono kuwi panggunane tembung pangiket urutan wektu kang digunakake sajrone ukara.

4.1.4.5 Konjungsi Instrumen

Konjungsi instrumen nyatakake makna “alat” utawa “sarana” utawa “cara”. Konjungsi iki ditandai kanthi frasa kanthi mangkono, karena mangkono, lan sarana iku. Pethikan dhata pinilih ing ngisor iki nggunakake tembung pangiket “kanthi mangkono”. Andharan jlentreh bakal kababar ing ngisor iki.

(33) Gubernur Jawa Timur Soekarwo nambahi, anggaran Jawa Timur totale Rp23,72triliun. Nganti saiki wis kanggo watara Rp14,03triliun. Nadyan penyerapan anggaran isih 59,15 persen, nanging pembangunan fisik wis ngancik 67,92 persen. Kurang 8,77 persen kuwi miturut Gubernur, amarga kontraktor nambeli biaya pengerjaan proyek sarana utang menyang bank. Mengko yen proyek wis mari, bakal ditagihake marang pemerintah provinsi.

Kanthi mangkono sejatine proyek ana Jawa Timur nganti pungkasan September realisasine wis 70 persen. Gubernur uga kandha, kudune laporan menyang pemerintah pusat ana loro, yakuwi realisasi anggaranlan realisasi proyek. (LD.N135.K223)

“ Gubernur Jawa Timur Soekarwo menambahkan, anggaran Jawa Timur totalnya Rp23,72 triliun. Sampai sekarang sudah digunakan sampai sekitar Rp14,03triliun. Meskipun penyerapan anggaran masih 59,15 persen, tetapi pembangunan fisik sudah mencapai 67,92 persen. Kurang 8,77 persen tersebut menurut Gubernur, karena kontraktor memberikan biaya talangan pengerjaan proyek sarana mengambil hutang kepada bank. Nanti kalau proyek sudah selesai, bakal ditagihakan ke pemerintah provinsi.

Dengan begitu sebenarnya proyek yang ada di Jawa Timur sampai akhir September realisasinya sudah 70 persen. Gubernur juga mengatakan, harusnya laporan kepada pemerintah pusat ada dua, yaitu realisasi anggaran dan realisasi proyek.”

Pethikan dhata nomer (33) nggunakake tembung pangiket “kanthi mangkono” kang nyatakake alat utawa instrument. Tembung pangiket kasebut nggandhenge idhe kang ana ing paragraph kapisan lan paragraph sabanjure. Paragraph kapisan mrathelake makna cara utawa alat kang mangaribawani paragraph sabanjure. Kedadeyan ing paragraph kapindho bisa dumadi merga anane cara kang ditindakake ing paragraph kapisan.

4.1.4.6 Konjungsi Konklusi

Konjungsi konklusi nyatakake makna “dudutan”. Konjungsi konklusi ditandai kanthi tembung dadi lan ateges. Panulis rubrik gambang suling nggunakake tembung pangiket “dadi” kanggo mrathelake dudutan. Andharan ngenani analisis panganggo sajrone dhata pinilih bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

(34) **Dadi** dudutane, saben mangsa Pilkada bakal saya akeh alas sing rusak, amarga Pak Bupati ngobral ijin kanggo ngrayuk dhuwit sak akeh-akehe. Biyuh bi- yuhhhh , mendah laange pitukon kanggo demokrasi ing jaman gombalisasi. (LD.N133.K222)

“Jadi kesimpulannya, setiap masa Pilkada akan banyak hutan yang rusak, karena Pak Bupati ngobral ijin untuk meraup untung. Biyuh biyuhhhh , betapa mahalnya harga beli untuk demokrasi di jaman gombalisasi.”

Tembung “dadi” sing digunakake ing pethikan nomer (34) manggon ana ngarepe paragraph. Bab iki nuduhake yen dudutan sing dijupuk mujudake dudutan marang wacana sacara utuh. Dudutan iki manggon ana pethite wacana. Dudutane yaiku ukara saben mangsa Pilkada bakal saya akeh alas sing rusak, amarga Pak Bupati ngobral ijin kanggo ngrayuk dhuwit sak akeh-akehe.

4.1.4.7 Konjungsi Kondisi

Konjungsi kondisi mujudake konjungsi kang nyatakake makna “pangumpaman”. Konjungsi kondisi ditandai kanthi frasa Manawa mangkono lan umpamane mangkono. Tinemu tembung “menawa” lan “kaya-kaya” sing digunakake kanggo mrathelake makna pangumpaman. Dhata pinilih bakal dianalisis panganggone tembung pangiket pangumpaman sajrone andharan ing ngisor iki.

(35) (1) Anggota DPR disanepakake karo sinterkias, iku magepokan karo trekahe para politisi Senayan, njaluk dana aspirasi marang pemerintah gunggung Rp 20 milyar saben anggota. (2) **Menawa** usulan mau nganti kasil, ana pengamat politik sing ngarani yen anggota dewan kuwi

patrape wis kaya sinterklas sing dundum hadiah ing dina Natal. (3) Bedane, yen sinterklas temenan dundum hadiah amrih bocahe mbangun turut karo wong tuwa, yen “sinterklas” saka Senayan kuwi darbe pamrih kanggo mikolehake awake dhewe. (4) Paling ora, kanggo ajang ngirup swara ngadhepi Pemilu. (LD.N125.K215)

“(1) Anggota DPR diibaratkan sinterklas, ini berhubungan dengan ulah para politisi Senayan, meminta dana aspirasi ke pemerintah jumlahnya Rp 20 milyar tiap anggota. (2) Kalau usulan tersebut berhasil, ada pengamat politik yang menyebut bahwa anggota dewan tersebut tindakanya seperti sinterklas yang membagi hadiah di hari Natal. (3) Bedanya, kalau sinterklas membagi hadiah agar anak menurut pada orang tua, kalau “sinterklas” dari Senayan ini memiliki pamrih untuk menguntungkan diri pribadi. (4) Paling tidak, untuk ajang meraup suara menghadapi Pemilu.”

Tembung menawa sing digunakake ing pethikan dhata nomer (35) mrathelake makna pangumpaman. Ing paragraph kasebut mrathelake kedadeyan sing bakal dumadi yen nganti bab sing diumpamakne kasebut dumadi tenan. Bab sing kedadeyan ing ukara Anggota DPR disanepakake karo sinterkias, iku magepokan karo trekahe para politisi Senayan, njaluk dana aspirasi marang pemerintah gunggung Rp 20 milyar saben anggota upama kedadeyan tenanan bakal dumadi kedadeyan ana pengamat politik sing ngarani yen anggota dewan kuwi patrape wis kaya sinterklas sing dundum hadiah ing dina Natal.

4.1.4.8 Konjungsi Intensitas

Konjungsi intensitas mujudake konjungsi kang nuduhake makna “mbangetake”. Konjungsi iki ditandai kanthi tembung malah. Malahan, luwih-luwih lan frasa apa maneh. Tembung pangiket kang mrathelake makna “mbangetake” ing rubrik gambang suling yaiku tembung “luwih-luwih” lan “malah”. Panganggone tembung kasebut bakal dianalisis kanthi pethikan dhata pinilih ing ngisor iki.

(36) (1) WTS panggilan kelas ekonomi aran Deudeuh Alifisahrin (26), nembe iki tiwas dipateni pelanggane, ing omah kos-kosane, JL.Tebet Utara, Jakarta Selatan. (2) Saka kono dadi kawiyak, yen omah kos ing ibukota pancen akeh sing ngrangkep dadi bordil. (3) **Luwih-luwih** saiki ana internet, golek mangsan lan pelanggan liwat jagad maya gampang banget. (4) Pemprov DKI dinane iki sengkud nganakake penertiban. (LD.N115.K209)

“(1) WTS panggilan kelas ekonomi bernama

Deudeuh Alfisahrin (26), baru saja tewas dibunuh pelanggannya, di rumah kosnya JL.Tebet Utara, Jakarta Selatan. (2) Dari situ terbuka, bahwa rumah kos di ibukota memang banyak yang merangkap menjadi bordil. (3) Lebih-lebih sekarang ada internet, mencari mangsa dan pelanggan melalui jagad maya gampang sekali. (4) Pemprov DKI waktu ini rajin mangadakan penertiban.“

Pethikan dhata nomer (36) nggunakake tembung luwih-luwih kanggo mrathelake makna mbangetake sajrone ukara kasebut. Paragraph kasebut nduweni teges yen omah kos ing ibukota dadi omah bordil. Bisnis iki tansaya ndadra nalika saiki ana internet. Dadi tembung luwih-luwih kuwi digunakake kanggo mbangetake kahanan kang ora becik sajrone paragraph kasebut. Pethikan dhata nomer (84) uga nggunakake tembung pangiket kang mrathelake makna mbangetake. Tembung malah kang digunakake sajrone ukara nuwuhake makna mbangetake kedadeyan ing ukara siji lan ukara liyane. Paragraph kasebut mrathelake yen Muhammad Ali wegah dikirim wajib militer menyang Vietnam merga ora nduwe masalah karo wong Vietnam. Muhammad Ali ora nduwe masalah lan uga wong Vietnam kuwi ngajeni marang dheweke. Dadi paragraph kasebut nduweni tegesae mbangetake bab sing becik.

4.1.4.9 Konjungsi Similaritas

Konjungsi similaritas mujudake konjungsi kang nyatakake makna “pepadhan”. Konjungsi iki ditandai kanthi frasa kaya dene, padha karo.

(37) (1) **Kaya dene** sing ditulis ing situs Era Muslim, **yen ngungak marang jaman kenabian, klompok Syiah ngemohi Khilaffah Rasyidin kaya dene Abu Bakar Ash Shidiq, Umar bin Khatab lan Usman Bin Affan.**(2) Penggilut Syiah kang ekstrim ndakwa, malaikat Jibril biyen kleru rikala menehake wahyu menyang Muhammad. (3) Kudune, wahyu kasebut kanggo Ali bin Abi Thalib. (4) Ing pethiting Jaman mbesuk, klompok Syiah uga bakal nampik Imam Mahdi amarga dudu saka Syiah. (LD.N114.K208) “(1) *Seperti yang ditulis di situs Era Muslim, kalau melihat pada jaman kenabian, klompok Syiah menolak Khilaffah Rasyidin seperti Abu Bakar Ash Shidiq, Umar bin Khatab dan Usman Bin Affan.*(2) *Penggilut Syiah yang ekstrim mendakwa, malaikat Jibril dulu kliru ketika memberikan wahyu kepada Muhammad. (3) Seharusnya, wahyu tersebut untuk Ali bin Abi Thalib. (4) Di akhir jaman nanti, klompok Syiah juga bakal menolak Imam Mahdi karena bukan*

dari Syiah.“

Pethikan dhata nomer (37) nggunakake tembung pangiket “kaya dene”. Tembung pangiket kasebut mrathelake yen kahanan sing diandharake ing ukara sadurunge kuwi padha karo kedadeyan sing diandharake ing ukara sabanjure. Kedadeyan sing dumadi ing ukara *sing ditulis ing situs Era Muslim* sajrone pethikan dhata nomer (85) kuwi padha karo kedadeyan sing dumadi ing ukara *yen ngungak marang jaman kenabian, klompok Syiah ngemohi Khilaffah Rasyidin kaya dene Abu Bakar Ash Shidiq, Umar bin Khatab lan Usman Bin Affan.* Pratelan ing ukara *Ana panduga yen oknum aparat sing sengaja sekuthon karo mlayu kapal MV Hai Fa kasebut* sajrone pethikan dhata nomer (86) kasebut padha karo pratelan ing ukara *oknum aparat lan pejabat iku jan melok banget anggone mbekingi lan ngayorni durjana illegal fishing.* Dadi tembung sekuthon sing ana ukara sadurunge kuwi padha tegese karo mbekingi lan ngayomi durjana illegal fishing.

PANUTUP

Dudutan

Piranti kohesi gramatikal minangka panyengkuyung tumrap upaya nggayuh kautuhane wacana kanthi cara nyambungake perangan gramatikale. Teori kohesi gramatikal kang diandharake Halliday lan Hasan njlentrehake yen piranti kohesi gramatikal nduweni patang wujud yaiku pangener, substitusi, ellipsis lan konjungsi. Kapapate dingo nganalisis dhata sing wis cumawis yaiku wacana rubrik Gambang Suling ing kalawarti Jayabaya tahun 2015.

Panulis rubrik Gambang Suling nggunakake patang piranti kohesi gramatikal kasebut. Piranti kohesi gramatikal pangener kang digunakake nyakup pangener persona kang nggunakake sesulih pandarbe {-e} lan {-ne} arupa non insani lan insani. Pangener persona kang tinemu awujud anaphora lan katafora manggon ana saukara beda klausa lan saparagraf beda ukara. Pangener persona nggunakake tembung sesulih purusa awujud utama purusa lan pratama purusa. Saliyane iku uga tinemu pangener demonstrative awujud panuduh papan, panuduh wektu, panuduh cacah, lan panuduh liya. Tinemu uga pangener komparatif kang nggunakake tembung kaya.

Ditemokake substitusi kang awujud substitusi kang nggunakake pronominal persona lan pronominal non persona kang paling akeh digunakake. Saliyane iku uga ditemokake ellipsis. Ellipsis kang ditemokake awujud jejer, wasesa lan lesan. Piranti ellipsis uga digunakake kanggo nyambungake perangan gramatikale wacana gambang suling. Panulis ngilangake perangan jejer, wasesa lan lesane. Piranti liya kang ana yaiku konjungsi utawa pangiket. Jinis-jinis konjungsi meh kabeh digunakake yaiku konjungsi adisi utawa muwuhi kanthi nggunakake tembung lan. Konjungsi kontras kanthi nggunakake tembung

nanging, suwalike, mangka, kamangka. Panulis uga nggunakake konjungsi kausalitas awujud tembung mula, awit lan amarga. Konjungsi Temporal kang nggayutake wektu paling akeh digunakake, pangikete awujud rikala, kala semana, sawise, sabanjure, wiwitnganti, wekasane. Konjungsi Instrumen digunakake kanggo nuduhake sesambungan alat nggunakake tembung kanthi mangkono. Konjungsi konklusi nuduhake dudutan kanthi tembung dadi. Konjungsi kondisi kanthi nggunakake tembung manawa lan kaya-kaya. Tembung luwih-luwih lan malah uga digunakake kanggo nuduhake konjungsi intensitas. Pungkasane panulis uga nggunakake konjungsi similaritas awujud tembung kayadene.

Pamrayoga

Panliten kang ditindakake isih kebak kakurangan. Kakurangan kasebut bisa saka kurang tlitine panulis anggane njlimeti piranti kohesi gramatikal kang digunakake sajrone rubrik gambang suling ing kalawarti jayabaya taun 2015. Pamrayoga kanggo panliti sabanjure yaiku supaya luwih ngembangake panliten kang wis ditindakake, saengga andharan ngenani kohesi gramatikal bisa luwih sampurna.

KAPUSTAKAN

- Abrian, Rizky. 2013. *Kohesi Wacana Pada Stand Up Comedy Insan Nur Akbar*. Skripsi. Surabaya : Fakultas Bahasa dan Seni
- Alwi, Hasan dkk. 2010. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia; Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Arifin, Zaenal dkk. 2008. *Cermat Berbahasa Indonesia untuk Perguruan Tinggi*. Jakarta: Akademika Pressindo.
- Arikunto, Suharsimi. 2013. *Prosedur Penelitian; Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2012. *Linguistik Umum*. Jakarta: Penerbit Rineka Cipta.
- Djajasudarma, Fatimah. 2010. *Wacana ; Pemahaman Hubungan Antarunsur*. Bandung : PT Refika Aditama.
- Dewi, Wendi Widya Ratna. 2009. *Wacana dalam Bahasa Indonesia*. Klaten : Intan Pariwara
- Endrawati, Ratna Yuli. 2011. *Kohesi lan Koherensi Rubrik Apa Tumon ing Kalawarti Panjebar Semangat Edhisi Agustus nganti September 2010*. Skripsi. Surabaya : Fakultas Bahasa dan Seni.
- Ghufron, Syamsul. 2010. *Analisis Wacana; Sebuah Pengantar*. Sidoarjo: Penerbit Asri Press.
- Lubis, Hasan Hamid. 2011. *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung: Penerbit Angkasa.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana: Teori, Metode, dan Aplikasi Prinsip-Prinsip Kajian Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Muslich, Masnur. 1990. *Garis-Garis Besar Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Malang: Yayasan Asih Asah Asuh.
- Ningsih, Dwi Sulistyawati. 2014. *Referensi Pada Berita Internasional Kompas Edisi Juli 2013*. Skripsi. Surabaya : Fakultas Bahasa dan Seni.
- Purwonugroho, Listyan. 2014. *Kohesi lan Koherensi ing Rubrik Pangudarasa Kalawarti Panjebar Semangat Edhisi Oktober-Desember 2013*. Skripsi. Surabaya : Fakultas Bahasa dan Seni.
- Pratiwi, Puput Hardiana. 2012. *Analisis Kohesi dan Koherensi Wacana dalam Rubrik Jati Diri Harian Jawa Pos Edisi November-Desember 2011*. Skripsi. Surabaya : Fakultas Bahasa dan Seni.
- Rani, Abdul. 2006. *Analisis Wacana; Sebuah Kajian Bahasa dalam Pemakaian*. Malang: Bayumedia Publishing.
- Santoso, Riyadi. 2003. *Semiotika Sosial : Pandangan Terhadap Bahasa*. Surabaya : Pustaka Eureka.
- Subroto, Edi D. 1992. *Pengantar Metoda Penelitian Linguistik Struktural*. Surakarta : Sebelas Maret University Press.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa; Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sugono, Dendy. 2003. *Buku Praktis Bahasa Indonesia 2*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Sumadi. 1998. *Kohesi dan Koherensi dalam Wacana Naratif Bahasa Jawa*. Jakarta. Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Tarigan, Henry Guntur. 1993. *Pengajaran Wacana*. Bandung: Percetakan Angkasa.
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Wacana*. Bandung: Percetakan Angkasa.